



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE 39 LÒT KONPAYI AN PLIS REJWENN START-UP NY EPI ANGAJE YO POU BAY 817 NOUVÈL PÒS TRAVAY

Pwogram lan Te Atire 202 Biznis Total, Ak Angajman Yo pou Kreye Omwen 4,490 Nouvèl Pòs Travay epi Envesti Plis Pase \$251 Milyon nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 39 lòt biznis te rejwenn START-UP NY, epi yo pral elaji oswa lokalize yo nan Eta New York atravè pwogram inovatè san enpo ki asosye ak kolèj ak inivèsite yo ki atravè eta a. 39 biznis sa yo te angaje yo pou kreye 817 nouvèl pòs travay epi envesti plis pase \$30 milyon atravè tout eta sou senk pwochèn ane yo. START-UP NY kounye a gen angajman ki soti nan 202 konpayi pou kreye omwen 4,490 nouvèl pòs travay epi envesti plis pase \$251 milyon sou twa a senk pwochèn ane yo toupatou nan Eta New York.

“Pwogram sa kontinye atire konpayi yo ki gen objektif vizyonè yo nan chak rejyon nan eta nou an, epi li ap jwe yon wòl kle nan revitalize kominote sa yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Modèl patenarya inik sa ant konpayi inovatif yo ak kolèj ak inivèsite klas mondyal nou yo ap non sèlman kreye nouvèl pòs travay, men tou favorize dè santèn milyon dola nan investisman prive pou estimile kwasans rejyonal la.”

Biznis sa yo k'ap elaji oswa lokalize yo nan Empire State lan anba START-UP NY, yo pral kreye travay nan endistri kle yo, ki enkli: rechèch byomedikal; byo-teknoloji; manifakti ak manifakti avanse; rechèch ak devlopman; devlopman pwogram enfòmasyon; teknoloji enfòmasyon; sèvis avyasyon yo; piblikasyon sou entènèt; gwo teknoloji; katye jeneral rejyonal yo; rechèch ak devlopman pou aparèy medikal yo; katye jeneral enjenyeri yo; imajri ak optik ak miltimedya.

Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare, “START-UP NY te kreye pou pwize nan kapital entelektyèl rich sistèm edikasyon pwofesyonèl nou an ak patnè nou yo ak kolèj ak inivèsite yo, pou kapab transfòme espas vakan yo an zòn kote nouvèl opòtinite travay pral pwospere. Anons jodi a ke 39 nouvèl konpayi ap rejwenn pwogram lan se prè an plis ke modèl sa ap jwenn siksè, epi ke START-UP NY gen abilite pou atire kèk nan biznis ki pi bon epi ki pi briyan yo pou vin devlope plan yo nan Eta New York.”

39 konpayi ke yo te anonse jodi a yo sipòte pa kolèj ak inivèsite Eta New York sa yo: Alfred State College; Binghamton University; Clinton Community College; Dutchess County Community College; Farmingdale State College; Fulton-Montgomery Community College; Hudson Valley Community College; Jamestown Community College; Long Island University; Medgar Evers College (CUNY); New York University;

Orange County Community College; Plattsburgh State University; Schenectady County Community College; SUNY Downstate Medical Center; SUNY Oswego; Ulster Community College; University at Albany; University at Buffalo; ak Villa Maria College.

Nancy L. Zimpher, ki se Chanselye SUNY, te deklare, “Nan jis de premye lane li yo, START-UP NY te pwodwi avantaj konsiderab pou ekonomi eta a, pandan ke an menm tan li t'ap pote nouvo patnè prive pou SUNY epi jenere avantaj akademik pou fakilte ak etidyan nou yo. SUNY fyè pou li jwe yon wòl santral nan START-UP NY, k'ap jenere anvivon 90 pousan avantaj pwogram yo jiska dat. Felisitasyon pou chak kolèj ak inivèsite SUNY yo k'ap akeyi nouvo patnè biznis yo sou kanpis yo kòm yon pati nan pwogram devlopman ekonomik enpòtan sa.”

Laura L. Anglin, ki se Prezidant Komisyon sou Kolèj ak Inivèsite Endepandan yo (Commission on Independent Colleges and Universities), te deklare, “START-UP NY kontinye kontribiye nan peyizaj ekonomik Eta New York lan. Kolèj ak inivèsite prive nou yo, ki san bi likratif, yo se patnè kle solid nan atire divès biznis ki pou kreye travay ak opòtinite pou Nouyòkè antreprenè yo.”

Biznis sa yo te vin rejwenn START-UP NY:

- AccuTheranostics, Inc.
- Anchor ID Inc.
- Applied Biological Laboratories Inc.
- Aurora Innovations, Inc.
- Beekman 1802, LLC
- Belvac Production Machinery
- Carmera, Inc.
- Cell-nique Corp.
- Certerra Inc.
- ChannelEyes Corporation
- CleanSlate Technologies, Inc.
- Concarlo Holdings, LLC
- DAR Enterprises LLC
- Dumbstruck, Inc.
- Elodina Inc.

- eParel, LLC
- FlightLevel Dutchess, LLC
- GCLIPROW INC.
- i3 Assemblies Inc.
- iActEx, LLC dba Op-Smart
- Insum Solutions Corp.
- Mair Magaw Information Systems LLC
- Mishki, Inc. (d/b/a FINDMINE)
- New Flyer of America Inc.
- New York Huaqi Bioengineering, LLC
- Nowigence Inc.
- Pisa Biopharm Inc.
- Prelco US Inc.
- Rebel One Studios, LLC
- Regulus Energy, LLC
- RMP Logic LLC, d/b/a M.E.D.X
- sCube Inc.
- SimplyTel, LLC
- Snow Dragon Corp.
- Soliddd Corp.
- SparkShoppe, LTD.
- Up Homes
- U Media Corporation d/b/a Fandoozy.com
- XchangeWorx, Inc.

University at Buffalo (UB) – 213 nouvèl pòs travay

iActEx, LLC d/b/a Op-Smart se yon konpayi teknoloji enfòmasyon ki nan etap prekòs ki bay solisyon jesyon operasyon entegre yo pou founisè yo, pwodiktè yo, founisè transpò yo, ak konsomatè yo nan rezo chèn apwovizyonman an. Platfòm pwogram enfòmasyon iActEx, LLC an fasilite akimilasyon done ki soti nan tout ekipman ki nan etablisman manifakti kliyan yo, epi bay jesyon done an tan reyèl pou optimize efikasite operasyon yo atravè chèn apwovizyonman an. Konpayi an pral kreye 148 nouvèl pòs travay epi envesti \$830,000.

AccuTheranostics, Inc. se yon konpayi byoteknoloji aktyèl ki nan etap prekòs ki ap gradye nan Enkibatè Byosyans UB (UB Biosciences Incubator). Konpayi an te devlope yon tès chimyo-sansib/chimyo-rezistan espesyalize ki itilize pwòp selil timè pasyan an nan laboratwa pou kapab idantifye ki medikaman ka pral pi efikas pou trete yon kansè inik pasyan an anvan yo menm trete pasyan an. Konpayi an pral kreye 10 nouvèl pòs travay epi envesti \$3,650,000.

CleanSlate Technologies, Inc. se yon nouvèl konpayi nan Eta New York ki fè konsepsyon, asanblaj, lavant, sèvis ak distribisyon yon aparèy medikal ke yo itilize pou fè asenisman aparèy elektwonik pòtab yo nan swen sante apati limyè UV. CleanSlate pral etabli yon katye jeneral operasyon Etazini nan Buffalo pou kapab aksede pi byen a mache Etazini an. Konpayi a pral kreye 26 nouvèl pòs travay nèt epi envesti \$185,000.

GCLIPROW Inc. se yon konpayi aktyèl ki nan Eta New York ki aktyèlman nan faz demonstrasyon pwodwi patant pwopriyete manifaktire li an pou vann nan klèb aviwon yo ak bay manm li yo. Fonde an 2013 nan Buffalo, konpayi an pwodwi Quick Release Rowing Shoe System lan, ki pèmèt ramè yo pwofite de yon estabilite total nan pwòp mezi yo epi tou bay yon detachman sekirize nan ka ijans. Konpayi an pral kreye 5 nouvèl pòs travay epi envesti \$95,000.

Rebel One Studios, LLC se yon konpayi pwodiksyon animasyon ki nan etap prekòs ki konsantre prensipalman sou video animasyon ak demonstrasyon yo, ki gen kapasite pou kreye animasyon ki otonòm, ak anpil detay 2-D oswa 3-D pou kliyan yo. Konpayi an pral kreye 6 nouvèl pòs travay epi envesti \$90,000.

Regulus Energy, LLC se yon konpayi enjenyeri enèji altènatif aktyèl ki nan Tonawanda. Konpayi an fè konsepsyon ak kòmande izin pwodiskyon yo ki pran matyè premyè yo ki baze sou kabòn (sa vle di dechè solid minisipal, bwa, grenn yo, gaz natirèl, elatriye) epi konvèti yo an kabiran oswa elektrisite ki fin pare. Konpayi an itilize yon teknoloji transfòmasyon an gaz avanse ki sètifye ak bon jan randman ak efikasite epi ki pa koute chè pou alafwa investisman kapital ak operasyon yo. Konpayi an pral kreye 8 nouvèl pòs travay epi envesti \$96,000.

RMP Logic, LLC se yon konpayi teknoloji enfòmasyon aktyèl ki aktyèlman nan etap devlopman ak komèsyalizasyon aplikasyon pwogram enfòmasyon ki rele “Mobile Encrypted Data Xchange” (M.E.D.X), ki se yon aplikasyon mobil ki kapab an tout sekirite pataje enfòmasyon sante ki pwoteje yo, de yon moun a yon lòt, pou ede amelyore kantite travay klinik yo ak rezilta pasyan yo. Konpayi an pral kreye 2 nouvèl

pòs travay epi investi \$69,500.

U Media Corporation d/b/a Fandoozy.com se yon nouvo biznis ki nan pwosesis devlopman yon aplikasyon mobil ak rezo ki rele Fandoozy.com, ki se yon pòtay medya sosyal espò espesifik ki konsantre sou konvèsasyon konpetitif. Aplikasyon an pral ofri yon platfòm deba eskò pwopriyetè kote fanatik ak pwofesyonèl espò yo kapab fè deba sou dènye aktyalite sou espò yo. Konpayi an pral kreye 8 nouvèl pòs travay epi investi \$100,000.

Binghamton University – 140 nouvèl pòs travay

i3 Assemblies Inc. se yon nouvèl konpayi manifakti ki ofri entegrasyon pwosesis avanse ak devlopman pwodwi nan solisyon manifakti yo pou kapab bay sistèm asanblaj ak evalyasyon konplè soti depi nan pwototip pou rive nan pwodiksyon an mas. Pwodwi i3 Assemblies yo se pral konpozan elektwonik ke yo jwenn nan aparèy dyagnostik/imajri medikal pou sove lavi yo, nan dènye teknoloji modèn eksplorasyon espas ak satelit; epi konpozan elektwonik yo pral enstale nan pwodwi itilizasyon final yo atravè mond lan. Konpayi a pral kreye 140 nouvèl pòs travay epi investi \$8.2 milyon.

Schenectady County Community College – 58 nouvèl pòs travay

Beekman 1802, LLC se yon konpayi pwodiksyon pwodwi pou konsomatè, kontni ak aktivite divès kategori yo nan Eta New York, ki ap kreye pwodwi sezonye ak atizanal kalite siprèm pou vann bay konsomatè yo atravè mond lan. Fonde nan Sharon Springs, nan Konte Schoharie, an 2008, konpayi an pwize prensipalman nan fèm lokal yo, pwodiktè manje yo ak atizan yo, epi li pwomouvwa pwodwi li yo, piblikasyon, pwogramasyon ak aktivite yo anba mak Beekman 1802 an. Konpayi an pral elaji pou kreye yon katye jeneral nan Schenectady. Konpayi an pral kreye 25 nouvèl pòs travay epi investi \$25,000.

Dumbstruck, Inc. se yon konpayi teknoloji enfòmasyon aktyèl ki nan Albany. Teknoloji pyonye konpayi an fè li vin fasil pou kreyatè kontni yo aprann kijan moun reyaji a kontni yo an. Yo idantifye done repons emosyonèl yo apati ekspresyon fasyal yo epi yo etale yo nan yon tablo entèlijans atifisyèl ki jenere pis refleksyon yo. Konpayi an pral kreye 20 nouvèl pòs travay epi investi \$29,000.

sCube Inc. se yon konpayi teknoloji aktyèl k'ap devlope pwodwi pou Entènèt Bagay yo nan kreye aplikasyon pou pwodwi entèlijans, ki konekte, epi nan bay zouti pou konekte, konstwi, analize, eksperimente epi kolabore sou atik jounalye yo sou entènèt. Konpayi an konsantre sou ede kliyan li yo ak solisyon teknoloji ki pral redwi depans operasyon yo, epi ogmante resèt yo nan investisman yo. sCube pral lokalize nan laboratwa NY Biz lan ki nan Schenectady. Konpayi an pral kreye 13 nouvèl pòs travay epi investi \$63,000.

Orange County Community College – 53 nouvèl pòs travay

Aurora innovations, Inc., yon nouvèl konpayi nan Eta New York, se yon pwodiktè nasyonal epi distribitè pwodwi jaden òganik yo ki baze nan Eugene, nan Oregon, ki pral ouvri yon nouvo etablisman manifakti ak distribisyon nan rejyon lès Etazini nan rejyon Mid-Hudson lan. Konpayi an pral kreye 53 nouvèl pòs travay epi investi apeprè \$4.7 milyon.

University at Albany – 50 nouvèl pòs travay

Nowigence, Inc. se yon konpayi devlopman pwogram enfòmatrik aktyèl ki ap elaji pou kaptire otomatikman entelijans sou entènèt la epi òganize li an yon solisyon ki aksesib anpil epi ki estriktire pou kapab sipòte kwasans pou kliyan biznis li yo, epi amelyore estrateji planifikasyon yo an. Nowigence te devlope pwòp solisyon pwogram enfòmatrik pwopriyete li ki akimile entelijans global apati prèske twa milyon nouvo atik ki pibliye chak jou, epi li itilize NLP (pwogramasyon langaj natirèl) avanse ak entelijans atifisyèl pou pèsonalize epi bay entelijans ki enpòtan anpil ki adapte pou chak kliyan. Konpayi an pral kreye 11 nouvèl pòs travay epi envesti \$292,000.

Pisa Biopharm Inc. se yon biznis aktyèl ki aktyèlman ap jere relasyon kliyantèl Ameriken ak Kanadyen pou Grupo Pisa, ki se pi gwo gwoup swen sante nan peyi Meksik. Konpayi an pral elaji nan Eta New York pou kondwi sipò teknik, asirans kalite ak evalyasyon laboratwa pwodwi famasetik enjektab esteril yo, ak komodite aparèy medikal yo (ki se mak PiSA). Konpayi an pral kreye 10 nouvèl pòs travay epi envesti \$522,000.

SparkShopper, Ltd. se yon nouvèl konpayi teknoloji enfòmasyon ki itilize done analitik ak teknoloji dijital pou bay estrateji komèsyalizasyon kliyan yo atravè entènèt, medya sosyal, ak lòt platfòm ki baze sou entènèt. Konpayi an bay estrateji sa yo pou boutik epis vant an detay yo ak lòt chèn endistri yo, pou kapab ogmante mouvman pwodwi yo atravè relasyon ki etabli yo ak gwo mak konsomatè nasyonal ak entènasyonal yo. Konpayi an pral kreye 6 nouvèl pòs travay epi envesti \$32,000.

XchangeWorx, Inc. se yon konpayi devlopman pwogram enfòmatrik aktyèl nan Eta New York ki te devlope solisyon pwogram enfòmatrik yo ki kaptire tout aktivite swen sante yo, epi drese plan aktivite konplèks yo an pwosesis biznis kowòdone yo pou amelyore swen pasyan yo. Konpayi an pral kreye 23 nouvèl pòs travay epi envesti \$430,000.

New York University – 45 nouvèl pòs travay

Carmera, Inc. se yon konpayi aktyèl ki nan etap prekòs ki ap itilize teknoloji detektè mobil yo, vizyon òdinatè ak pwosesis 3D pou devlope done katografi ki gen bon jan definisyon ak pèspikasite valab sou enviwònman ki konstwi an. Misyon Carmera se pou fè vil yo travay pi byen epi vin pi otònòm nan mentni rejis done vizyèl lari ibèn yo ki pi aktualize epi pi aksesib nan mond lan. Konpayi an pral kreye 5 nouvèl pòs travay epi envesti \$225,000.

Elodina, Inc. se yon biznis teknoloji enfòmasyon aktyèl ki nan etap fòmasyon ki ofri yon platfòm ki fè li vin fasil pou itilize gwo teknoloji sous done ki disponib yo ak sistèm aktyèl yo. Platfòm Elodina li agnostik onivo teknoloji epi yo kapab reyalize li sou plas, nan yon sant done ki administre oswa an prive, oswa apati founisè nyaj piblik. Konpayi an pral kreye 26 nouvèl pòs travay epi envesti \$37,700.

Mishki, Inc. se yon konpayi ki nan etap fòmasyon ki ap konstwi FINDMINE, ki se yon aplikasyon pwogram-kòm-yon-sèvis pwopriyete pou machann an detay yo. FINDMINE ofri zouti entansif pou komèsan yo kapab revize epi apwouve seri yo ki kreye ak algoritm oswa manyèlman pa lòt itilizatè yo, tandi ke of konpetitè yo pa pèmèt komèsan yo entèveni epi modifiye sa ke chak kliyan pral wè. Teknoloji konpayi an itilize vizyon machann an detay yo kòm yon enfòmasyon pou algoritm yo an yo, ki ap kaptire kijan

machann ak komèsan yo imajine kliyan yo k'ap itilize pwodwi yo an yo, olye de konte sou konpòtman kliyan an. Konpayi an pral kreye 14 nouvell pòs travay epi envesti \$69,000.

Hudson Valley Community College – 47 nouvell pòs travay

Cell-nique Corporation se yon nouvell konpayi nan Eta New York ki pral relokalize katye jeneral li ki nan Connecticut. Konpayi an pwodwi prensipalman 10 mak manje ak bwason diferan, ki klase soti nan bwason òganik yo pou rive nan melanj kwison ki san sibstans alèjik yo. Konpayi an pral kreye 18 nouvell pòs travay epi envesti \$300,000.

ChannelEyes Corporation se yon konpayi devlopman pwogram enfòmatrik aktyèl ki nan Troy. Konpayi an te kreye platfòm akselerasyon chèn pou machann yo kapab konekte ak patnè yo. Platfòm lan jere kominikasyon an tan reyèl ki amelyore, nouvell fason pou angaje, ak dè douzèn modil chèn ki konstwi ak objektif ki konsevwa pou ogmante lwayote patnè yo ak revni. Konpayi an pral kreye 18 nouvell pòs travay epi envesti \$50,000.

SimplyTel, LLC se yon nouvell konpayi ki fè konsepsyon ak fabrikasyon materyèl ak pwogram enfòmatrik pou bebisitè yo kapab kominike epi siveye a distans paran aje yo ki ap viv endepandaman lakay yo. Materyèl konpayi an ki oryante pou granmoun aje yo (yon aparèy ki sanble ak yon telefòn) ak platfòm mobil ki oryante pou bebisitè yo (aplikasyon pwogram enfòmatrik iOS & Android), yo pral distribiye yo toulède Etazini ak Kanada. Konpayi an pral kreye 11 nouvell pòs travay epi envesti \$400,000.

Fulton-Montgomery Community College – 32 nouvell pòs travay

Mair Magaw Information Systems, LLC se yon antrepriz teknoloji syans latè aktyèl ki nan New York. Apre yo te fin pase yon lane nan devlope pwodwi yo ak patenarya biznis yo an End, New York ak California, konpayi sa ki nan etap prekòs li pare pou etabli sant operasyon yo. Konpayi an te devlope pwogram ki pou prevwa entensante, peryòd ak distribisyon mouson an End, pwodwi plan distribisyon pou bay manje ki fre ki bon pou lasante, nan zòn ki an nesosite yo, epi jere mouvman moun yo pou òganizasyon yo, espesyalman sila yo ki ap chèche manje ak distribisyon èd nan men òganizasyon yo ki ap bay èd ijans pandan yon moman kriz. Konpayi an pral kreye 32 nouvell pòs travay epi envesti \$1,187,600.

Jamestown Community College - 31 nouvell pòs travay

New Flyer of America Inc., pwodiktè bis a tout eprè yo k'ap mennen Etazini ak Kanada, se yon nouvell konpayi nan Eta New York. New Flyer selèb pou raboure tèren ak premye bis ba nivo an, premye bis dyezèl-elektrik lan ak, pi resamman, premye flòt selil kabiran a idwojèn ki pa emèt gaz nan mond lan. Konpayi an planifye etabli sant operasyon yo nan Jamestown; epi pral kreye 31 nouvell pòs travay epi envesti \$1,598,000.

Long Island University – 24 nouvell pòs travay

eParel, LLC se yon nouvell konpayi ki nan faz evalyasyon platfòm teknoloji ki baze sou entènèt ki konsevwa pou ede endistri otèl ak ospitalite yo pou vin pi efikas nan jesyon inifòm ke anplwaye yo an yo mete. Konpayi an pral bay platfòm li an pou konpayi otèl, restoran ak restorasyon ki pral itilize platfòm lan sou baz kontra. Platfòm lan konsevwa yon fason pou pèmèt kliyan li yo ekonomize tan ak lajan nan elimine nesosite pou fè

kòmand, lave ak distribye inifòm yo. eParel pral kreye 24 nouvell pòs travay.

Clinton Community College – 17 nouvell pòs travay

Prelco U.S. Inc. se yon nouvell konpayi nan Eta New York ki ap ouvri yon filyal Etazini pou yon konpayi Kanadyen ki fabrike fenèt ak pòt an metal yo pou veyikil yo ki pa otomobil (machin, kamyon yo, elatriye), tankou bato rekreyatif yo, bis ak tren yo. Konpayi an pral kreye 17 nouvell pòs travay epi investi \$425,000.

Medgar Evers College (CUNY) – 16 nouvell pòs travay

Soliddd Corp. se yon konpayi teknoloji ki nan etap fòmasyon ki ap devlope teknoloji an atant patant yo pou bay imajri 3D san itilizasyon linèt oswa kask espesyal yo (ke yo konnen sou non “otostereo”). Konpayi an ap devlope pwogram enfòmasyonik tou ki konvèti imaj yo an reyalite vityèl ak otostereo 3D nan divès fòm. Konpayi a pral kreye 16 nouvell pòs travay epi investi \$3.8 milyon.

Plattsburgh State University – 16 nouvell pòs travay

Insum Solutions Corp. se yon konpayi teknoloji enfòmasyon ki gen katye jeneral li nan Montreal ki pral elaji nan Eta New York. Konpayi an bay kliyan Nò Ameriken yo sèvis pwofesyonèl nan devlopman aplikasyon Oracle yo. Konpayi an pral kreye 16 nouvell pòs travay epi investi \$55,000.

Ulster Community College – 22 nouvell pòs travay

Anchor ID, Inc. se yon konpayi teknoloji enfòmasyon aktyèl ki nan etap prekòs ki te devlope yon platfòm otantifikasyon divès faktè pou antrepriz yo, ti biznis ak biznis tay mwayèn yo. Platfòm Anchor ID an elimine modpas pou sistèm òdinatè antrepriz yo, sa ki bay yon pi bon eksperyans pou itilizatè yo ak bon jan konfòmite. Konpayi an pral kreye 15 nouvell pòs travay epi investi \$75,000.

Up Homes se yon konpayi ki nan etap fòmasyon ki pral fè konsepsyon, fabrikasyon ak lavant kay modèn, ki pa konsome anpil enèji, epi ki manifaktire yon fason pèsonalize epi modilè. Up Homes te idantifye yon nich mache ke yo poko abòde: kay ki a pri abòdab, ki modèn, ki bon pou ekosistèm lan ke yo konstwi nan estanda nasyonal lojman manifaktire yo. Konpayi an pral kreye 7 nouvell pòs travay epi investi \$575,000.

Villa Maria College – 12 nouvell pòs travay

DAR Enterprises, LLC se yon nouvell konpayi miltimedya ki itilize teknoloji reyalite ogmante ak reyalite vityèl pou jenere espas sosyal sou entènèt kote moun ka pataje istwa yo. Itilizatè yo ka konekte yonn ak lòt nan espas kolaborasyon yo pou kreye ekspresyon ke yo kapab wè apati teknoloji sa. Konpayi an pral kreye 12 nouvell pòs travay epi investi \$79,000.

SUNY Downstate Medical Center – 20 nouvell pòs travay

Concarlo Holding, LLC se yon nouvell konpayi devlopman medikaman ki nan etap prekòs ki konsantre sou yon nouvell opsyon terapetik pou sila yo ki gen kansè nan sen ki klasifye kòm pozitif pou ER/PR+ HER2. Teknoloji konpayi an konsantre sou yon peptid (de (2) oswa pi plis amino asid ki atache an chèn) ki gen plizyè faz devlopman ak evalyasyon pou kreye yon konpoze ki fyab onivo klinik. Konpayi an ap planifye pou fè evalyasyon eksperimantal medikaman yo ak òganizasyon rechèch kontra yo. Concarlo Holding pral kreye sis nouvell pòs travay epi investi \$115,000.

New York Huaqi Bioengineering se yon konpayi rechèch byomedikal ki fèk fòm ki ap devlope yon nouvell teknoloji pou devlope epi modifiye tisi ògan pou itilizasyon klinik. Konpayi an pral kreye 5 nouvell pòs travay epi investi \$240,000.

Applied Biological Laboratories Inc. se yon nouvell konpayi byoteknoloji ki nan etap prekòs ki angaje nan rechèch, devlopman, fabrikasyon ak distribisyon pwodwi natirèl ki valide syantifikman ki anpeche enfeksyon, reyaksyon alèjik ak lòt efè negatif sibstans alèjik ak patojèn majè yo ke nou absòbe epi ki kreye nan lè a, pandan y'ap ogmante tou defans natirèl kò imèn lan. Konpayi an pral kreye 9 nouvell pòs travay epi investi \$330,000.

Dutchess County Community College – 7 nouvell pòs travay

FlightLevel Dutchess, LLC se yon konpayi sèvis avyasyon aktyèl ki nan NYS (Eta New York) ki posede epi jere Fixed Base Operations (FBO) ki nan Dutchess County Airport lan. Konpayi an vann kabiran avyasyon, epi administre epi lwe anga ak espas ranp pou pakin ak estokaj avyon. FlightLevel pral elaji ak ouvèti yon sant operasyon mentnans nan ayewopò a an patenarya ak Dutchess Community College pou ofri yon pwogram fòmasyon mekanik A & P ki sètifye pa FAA sou ti zèl avyon piti ki repara ki genyen an. Konpayi an pral kreye 7 nouvell pòs travay epi investi \$310,000.

SUNY Oswego – 7 nouvell pòs travay

Snow Dragon Corp. se yon nouvell konpayi nan Eta New York ki pral filyal Etazini pou konpayi paran li an, ki se Cein Biotechnology Ltd. Co. of China. Cein te devlope teknoloji materyèl ak pwogram enfòmasyon pou eskane epi analize estrikti venn yo nan dwèt imen an kòm yon teknik otantifikasyon ki gen yon pakèt opòtinite aplikasyon nan endistri bankè, vant an detay, edikasyon, medikal ak sekirite. Snow Dragon te kreye pou devlope dezyèm jenerasyon teknoloji eskanè ak analiz lan pou yo kapab aksede a mache Rejyon Lwès lan yo. Konpayi an pral kreye 7 nouvell pòs travay epi investi \$80,000.

Alfred State College – 5 nouvell pòs travay

Belvac Production Machinery, Inc. pral fabrike zouti pou seramik ki pou fòm kanèt bwason an metal yo pou itilizasyon nan lòt aplikasyon seramik endistriyèl yo. Belvac pral elaji operasyon manifakti li yo nan seramik avanse. Konpayi an pral kreye 5 nouvell pòs travay epi investi \$1,025,000.

Farmingdale State College – 2 nouvell pòs travay

Certerra Inc. se yon konpayi byoteknoloji ki itilize yon metòd pwopriyete Pharmacomap™ pou fè pwojeksyon aktivite neral atravè tout sèvo a pou dekouvè medikaman nan newosyans. Metòd Pharmacomap™ lan aplikab pou pwojeksyon nouvo konpoze ke y'ap devlope pou yon pakèt seri pwoblèm nan sèvo, ki enkli sa ki newodevelopmantal, sikyatrik ak newodejeneratif yo, epi tou adapte itilizasyon medikaman ki ekziste yo. Certerra pral kreye de (2) nouvell pòs travay epi investi \$500,000.

Enfòmasyon sou START-UP NY

START-UP NY bay biznis yo ki kreye nouvell pòs travay nèt nan Eta New York yo opòtinite pou fonksyone 100 pousan san enpo pandan 10 an, yo p'ap peye enpo revni

eta, enpo lokal oswa enpo eta pou biznis oswa antrepriz yo , enpo sou lavant, enpo sou pwopriyete oswa frè franchiz. Konpayi yo te fè patenarya tou avèk enstitisyon edikasyon siperyè ki patwone yo, e yo gen kapasite pou jwenn aksè a ekspè nan endistri a ak laboratwa rechèch avanse ki asosye avèk lekòl yo.

Jiska dat, 81 lekòl ap patisipe nan START-UP NY, sa ki etabli plis pase 600 Zòn Ki Pa Gen Enpo, sa ki reprezante plis pase 6.1 milyon pye kare espas ki pa gen enpo pou nouvo biznis oswa biznis k'ap elaji yo kapab fonksyone nan oswa pre kanpis yo. Chak plan START-UP NY kolèj ak inivèsite ki te apwouve yo disponib nan www.startup.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418